

Gid pou Kliyan yo ak Anplwaye yo sou Aplikasyon Key to NYC san Paspouki

Dokiman sa a bay enfòmasyon konsènan dwa ou pou resevwa tretman san paspouki Nan biznis ki kouvri avèk Key to NYC, ki egzije kliyan yo ak anplwaye yo pou montre Prèv vaksinasyon yo anvan yo angaje nan sèten aktivite andedan.

Apati dat 17 out 2021, moun ki gen laj 12 zan ak plis pral gen obligasyon pou montre prèv ki endike yo te resevwa omwen yon dòz vaksinasyon kont COVID-19 FDA(Administrasyon Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman) oswa WHO (Òganizasyon Sante Mondyal) otorize Aktivite dine andedan, egzèsis fizik andedan, ak amizman andedan.

Kòm yon kliyan oswa anplwaye yon biznis ki kouvri avèk Key to NYC, ou gen dwa anba Lwa Vil New York konsènan Dwa Moun (York City Human Rights Law, NYCHRL) pou:

1. Yo pa viktim nan diskriminasyon oswa asèlman ki baze sou ras yo, peyi kote yo soti, andikap yo, sèks yo, relijyon/kwayans yo, laj yo, oswa [nenpòt lòt karakteristik ki pwoteje avèk NYCHRL](#) lè yo se kliyan biznis Oswa lè yo pral travay. Pa egzanp, pwopriyetè biznis ki kouvri avèk Key to NYC pa kapab:
 - egzaminen prèv vaksinasyon an avèk plis atansyon pase prèv lòt moun bay ki baze sou lè pwopriyetè biznis yo kwè moun ki nan ras ou, peyi kote ou soti, oswa relijyon ou gen mwens chans pou yo vaksinen;
 - Egzije prèv vaksinasyon an sèlman pou granmoun aje yo oswa moun andikape ki baze sou Konviksyon ki endike COVID-19 pi danjere pou yo; oswa
 - Refize aksepte sèten kalite prèv vaksinasyon ki valab, tankou dosye vaksinasyon ofisyèl ki soti nan peyi deyò Etazini oswa foto kat vaksinasyon CDC.
2. Kòm yon kliyan, ou gen dwa pou jwenn yon aranjman rezonab pou pèmèt jwenn sèvis biznis lan si ou pa kapab montre prèv vaksinasyon ou akòz yon andikap. Men, biznis lan pa gen pou bay yon aranjman rezonab si lè yo bay aranjman rezonab la sa ta kreye yon menas dirèk pou lòt kliyan yo oswa anplwaye biznis lan, oswa si sa ta enpoze yon difikilte egzajere sou biznis lan.
 - Si ou pa kapab montre prèv vaksinasyon ou akòz yon andikap, biznis lan dwe angaje avèk ou nan yon dyalòg kolaborasyon, oswa nan yon diskisyon avèk bon volonte, pou wè si li posib pou ba ou yon aranjman rezonab.
 - Aranjman rezonab yo kapab pran anpil fòm. Pa egzanp, yon kliyan kapab achte Manje pou pote lakay li, antre nan yon klas egzèsis vityèl, oswa pale avèk yon reprezantan lavant nan telefòn.
3. Kòm Anplwaye, ou gen dwa pou jwenn yon aranjman rezonab pou pèmèt ou fè djòb ou Si ou pa kapab montre prèv vaksinasyon ou akòz yon, andikap, gwasès, kwayans relijye, oswa oswa sitiyasyon ou kòm yon moun ki viktim nan vyolans nan kay, asèlman, oswa zak seksyèl. Men, patwon ou pa gen pou ba ou yon aranjman rezonab si lè li bay aranjman rezonab la sa ta kreye yon menas dirèk pou lòt kliyan yo oswa anplwaye biznis lan, oswa si sa ta enpoze yon difikilte egzajere sou biznis lan.
 - Si ou bezwen yon eksepsyon nan egzijans vaksen an oswa si ou bezwen plis tan pou bay prèv Vaksinasyon an akòz youn nan rezon yo ki endike anwo a, patwon ou dwe angaje avèk ou nan yon dyalòg kolaborasyon, oswa nan yon diskisyon avèk bon volonte, pou wè si li posib pou ba ou yon aranjman rezonab la.
 - Aranjman rezonab yo kapab pran anpil fòm. Pa egzanp, yon anplwaye kapab travay adistans, fè fonksyon djòb li deyò andedan pòsyon lokal la oswa na yon zòn ki izole Avèk lòt anplwaye yo oswa li kapab pran yon konje otorize.

Kimoun ki pwoteje avèk NYCHRL?

Kliyan yo pwoteje si yo vini nan yon biznis ki ofri machandiz ak sèvis pou piblik la nan Vil New York. Anplwaye yo pwoteje si y ap travay oswa si yo aplike pou travay pou yon patwon nan Vil New York ki gen kat' anplwaye oswa plis. Anplwaye yo pwoteje kit yo travay atanplen oswa atan-pasyèl; kit yo se anplwaye, estajyè, oswa kontraktè endepandan; epitou kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo.

Mwen se yon kliyan epi mwen pa kapab montre prèv vaksinasyon an akòz yon andikap, kisa mwen ta dwe fè?

Kliyan ki poko gen laj 12 zan dispanse pou montre prèv vaksinasyon an. Kliyan ki gen laj 12 zan oswa plis epi ki pa gen ase prèv vaksinasyon kapab toujou ale andedan pòsyon lokal yon biznis pou objektif rapid ak limite (pa egzanp, pou itilize twalèt oswa pou fè yon kòmman manje) depi kliyan an mete yon mask nan figi li pou tout tan li pa kapab rete sou yon distans 6 pye avèk lòt moun.

Si ou gen laj 12 zan oswa plis epi ou vle antre nan pòsyon andedan lokal yon biznis ki kouvri avèk Key to NYC men ou pa kapab montre prèv vaksinasyon akòz yon andikap, ou ta dwe pale avèk Pwopriyetè biznis lan oswa anplwaye li yo pou wè si gen yon aranjman rezonab ki ta pèmèt ou jwenn machandiz oswa sèvis biznis lan san ou pa reprezante yon menas dirèk oswa yon difikilte egzajere pou biznis lan. Biznis lan dwe angaje avèk ou nan yon dyalòg kolaborasyon, oswa yon diskisyon avèk bon volonte, konsènan bezwen ou yo ak posib aranjman yo. Biznis lan pa gen obligasyon [pi kite ou antre nan pòsyon andedan lokal li pou okenn rezon ki pa yon objektif rapid ak limite. Men, biznis lan kapab sèvi ou deyò, nan telefòn, oswa nan yon platfòm sou entènèt alaplas andedan pòsyon andedan lokal li.

Kòm yon kliyan, ki kalite prèv biznis yo kapab egzije pou mwen kapab montre prèv vaksinasyon yo akòz yon andikap?

Biznis yo pa ta dwe mande ou prèv ki montre ou gen yon andikap, oswa yo pa ta dwe poze ou kesyon jen an sou kalite andikap ou. Olye sa, biznis yo ta dwe angaje avèk ou nan yon dyalòg kolaborasyon pou wè si yon Aranjman rezonab egziste ki ta pèmèt ou resevwa sèvis la san ou pa reprezante yon menas dirèk oswa yon difikilte egzajere pou biznis lan, anplwaye li yo oswa lòt kliyan yo.

Si mwen se yon kliyan epi mwen pa kapab montre prèv vaksinasyon an pou yon rezon ki pa pwòp Andikap mwen, èske mwen gen dwa pou jwenn yon aranjman rezonab?

Non. Sèlman kliyan ki pa kapab montre prèv vaksinasyon yo akòz pwòp andikap yo gen dwa pou jwenn yon aranjman rezonab dapre NYCHRL.

Si mwen se yon anplwaye epi mwen pa kapab montre prèv vaksinasyon an, kisa mwen ta dwe fè?

Pale avèk patwon ou epi fè li konnen ou pa kapab montre prèv vaksinasyon an ak rezon an pou sa? Si rezon an se akòz yon andikap, gwo sèks, kwayans relijye, oswa sitiyaasyon ou kòm yon viktim nan vyolans nan kay, asèlman, oswa zak seksyèl, patwon ou gen obligasyon pou angaje avèk ou nan yon dyalòg kolaborasyon, oswa nan yon diskisyon avèk bon volonte, konsènan bezwen ou yo ak posib aranjman ou yo. Patwon ou pa gen obligasyon pou Ba ou yon aranjman rezonab ki ta lakòz yon risk enpòtan pou gwo domaj pou sante ak sekirite ou, oswa pou sante ak sekirite lòt anplwaye yo oswa kliyan yo. Men, oumenm ak patwon ou ta dwe travay ansanm pou wè si gen yon fason ou kapab kontinye fè djòb ou san ou pa reprezante yon menas dirèk oswa yon difikilte egzajere pou biznis lan. Pa egzanp, ou kapab travay adistans, ou kapab travay deyò pòsyon andedan lokal la, oswa ou kapab travay nan yon zòn ki separe avèk lòt moun yo. Si pa gen aranjman rezonab ki ta pèmèt ou fè fonksyon djòb ou san pwoblèm, patwon ou ka ofri ou yon konje otorize jiskaske ou kapab montre prèv vaksinasyon an oswa jiskaske pa gen pwoblèm pou retounen vin travay.

Si ou pèdi prèv vaksinasyon ou epi ou bezwen asistans pou jwenn yon ranplasman, ou kapab mande yon kopi Dosye vaksinasyon ou [la a](#).

¹ NYCHRL pwoteje tout anplwaye yo kont diskriminasyon ki baze sou sèks, tankou asèlman seksyèl, kèlkeswa dimansyon patwon yo.

Kòm yon anplwaye k ap chèche yon aranjman rezonab, ki kalite prèv patwon mwen kapab egzije?

- Si w ap chèche jwenn yon aranjman rezonab akòz yon pwoblèm medikal, patwon ou kapab mande pou pwofesyonèl medikal ou bay yon nòt ki konfime ou pa kab montre prèv vaksinasyon an. Men, nòt la pa gen pou presize pwoblèm medikal ou oswa li pa gen pou devwale ou ansent.
- Si w ap chèche yon aranjman rezonab akòz kwayans relijye, patwon ou kapab mande dokiman sipò si li gen yon baz objektif pou kesyone senserite baz relijye ou deklare pou fè konnen li pa kapab montre ou prèv vaksinasyon an.
- Si w ap p chèche jwenn yon aranjman rezonab akòz sitiyasyon ou kòm yon viktim nan vyolans nan kay, zak seksyèl, oswa asèlman, ou kapab mande yon nòt yon founisè sèvis asosye k ap sipòte rezon ki fè ou pa kapab montre prèv vaksinasyon an.

Si mwen se yon anplwaye epi mwen pa vle vaksinen, èske mwen dwa pou jwenn yon aranjman rezonab?

Non anplwaye yo gen dwa sèlman pou aranjman rezonab pou bezwen ki gen rapò avèk pwòp andikap yo, gwosès yo, kwayans relijye yo, oswa lòt sitiyasyon kòm moun ki viktim nan vyolans nan kay, asèlman, oswa zak seksyèl.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen kwè yon biznis ki kouvri avèk Key to NYC pa swiv règ ki dekri la yo?

Rele Komisyon pou Dwa Moun nan nimewo (212) 416-0197 oswa prezante yon kesyon sou sitwèb NYC.gov/HumanRights. Ou Kapab kite yon enfòmasyon anonim, oswa ou kapab depoze yon plent konsènan sa ki te pase a.